

UGWAYE COVID-19? URAKENEYE GUFASHWA?



**Ndakeneye
gupimwa
COVID-19?**



Ipimishe!

- Woba **waregereye** umurwayi wa COVID-19?
- Urafise **ibimenyetso vy'iyo ngwara?**
- Raba **intumbero ngenderwako zo muri Leta ya Maine kuri internet**

Ibuka kwama wirinda! Ambara agapfukamunwa, usigaze ikirere hagati yawe n'abandi, no gukaraba iminwe canke ukoresha umuti wica imigera ku minwe



**Ikigo c'ikibano
citaho ibiraba
Seruvise zo
Gufashanya mu
Kibano**

- Ipimishe mu kibanza bipimisha canke kwa muganga
- **Utegerezwa** kwiyugarana canke wiherereye gushika uronse inyishu z'ibipimo
- Nimba ukeneye gufashwa kugira ugume muhira, saba urukaratasi rukurungika ku **kigo c'ikibano citaho ibiraba Seruvise Zo gufashanya mu Kibano**
- Ikibanza co kwipimisha kizoguhamagara canke kikurungikire ubutumwa ku vyerekeye inyishu z'ibipimo



**Nsanze
ngwaye naho
vyogenda
gute?**

- Ikigo kijewe kurwanya no kurinda ingwara ca Maine kizoguhamara kandi kikubaze:
 - **Aho** wandukijwe?
 - Urafise **ibimenyetso vy'iyo ngwara?**
 - Abo mumaze **kwegerana?**
- Bazohamagara abantu mwegeranye kugira bamenye nimba bafise ibimenyetso vy'iyo ngwara kandi bihweze nimba bakeneye kujanwa mu mwiherero canke kwiyugarana.
- Utegerezwa kwiyugurana, Ikigo kijewe kurwanya no kurinda ingwara ca Maine kizokubwira umwanya uzomara
- Barashobora kugufasha gushikira **Ikibano citaho ibiraba Seruvise zo gufashanya mu Kibano**



Ushobora kubaza **umurongozi** w'ikibano aho uba, **umuganga**, **uwutanga uburyo** bwo kuvurwa, **umukozi ajejwe** ibikorwa vy'ukubaho neza, **umuforoma wo** kw'ishuri, **CANKE** **Ikigo Kijewe** **Kurwanya no** **Kurinda Ingwara ca** **Maine** kugira bagufashe kwiyugarana canke kuja mu mwiherero.

Koresha iyi email @DHHS.covidsocialsupport@maine.gov canke uce kuri internet wuzuze impapuro ku ngurukanabumenyi



IKIBANO CITAHO IBIRABA SERUVISE ZO GUFASHANYA MU KIBANO KUVYA COVID-19



**Ni iki Ikibano
citahe ibiraba
Seruvise zo
gufashanya mu
kibano?**

Ikibano citaho ibiraba Seruvise zo gufashanya mu kibano ni ama seruvise aboneka ku muntu wese akeneye uwumufasha kwikumira canke kwiyugarana. Seruvise zitangwa n'ikibano caho uba kandi zirimwo:

- **Imfungurwa (ivyo gusuma/indya zitetse/imfungurwa zikurungikirwa zivuye hanze)**
- **Seruvise z'uguhuza imico no gusobanura indimi**
- **Gukingira amagara no kurungikwa kwa muganga**
- **Kwunguruzwa ku bigo bapimiramwo, amavuriro naho batanga indaro**
- **Kugutorera utuntu nutundi hamwe n'imiti**
- **Seruvise zijanye n'amagara yo mu mutwe**
- **Aho uba/uhawe indaro hari umutekano mu gihe wiyuguranye canke uri mu mwiherero**
- **Uburyo bwo kuronka ama seruvise afasha yandi**



**Ni ryari
bashobora
kunfasha?**

- Ufise **ibimenyetso** vya COVID-19 CANKE
- **Urarindiriye** inyishu ku bipimo vyakozwe CANKE
- Baragutoye **ko urwaye COVID-19** CANKE
- **Waregeranye** n'umuntu agwaye COVID-19



**Nshobora
kuronka gute izi
seruvise?**

- Umurongozi w'ikibano aho uba, umuganga, uwutanga uburyo bwo kuvurwa, umukozi ajejwe ibikorwa vy'ukubaho neza, umuforama wo kw'ishuri, CANKE **Ikigo kijejwe kurwanya ingwara co muri Leta ya Maine** bashobora kukurungikayo kugira bagufashe
- Utanze uruhusha, barashobora kurungika ubutumwa kuri DHHS.covidsocialsupports@maine.gov canke uje kuri internet wuzuze impapuro ku ngurukanabumenyi

Koresha iyi email DHHS.covidsocialsupport@maine.gov canke uce kuri internet wuzuze impapuro ku ngurukanabumenyi

